Kon. Bat. Gen.
XXXIV
1213

PANGAOS f 0,45

DIKALOEARKEUN KOE
BOEKHANDEL en DRUKKERIJ
M. I. PRAWIRA-WINATA
KATJA-KATJA WETAN 132 - BANDOENG.

BODOR TRI WANGSA

(50 DONGENG PIGOEMOEDJEN

I

KENGING NGARANG SA

TILOE S BOEKOE

DIPASIEUP KO FABRIK SEURI

GOTAMA

ANOE NGARANG

AKI-AKI OGOAN sareng PA

KOE

TJITAKAN KA 3 — KA 5000 BOEKOE

KENGING NGADANGDOSAN

Iwal S da sisirangan, d angt mangga toempangan. derang ngaben kakiatan, saratoes toepia kontan.

Sanes kakiatan boksen, boksen mah parantos bosen, teu mah ngaben goemoedjeng, soemangga diadjeng-adjeng.

Saoepami oerang Soenda, keukeuh baend teu kagoda, eta djadi hidji tanda basana teu dipibanda,

RUK M. I. PRAWIRA-WINATA
BANDOENG
6 AUGUSTUS 1930

Franco per post f 0,60. Rembours f 1

TOKO BOEKOE M. I. PRAWIRA-WINATA

BANDOENG

— **TOKO BOEKOE M. I. PRAWIRA-WINATA** —

nja eta Toko Boekoe oerang Soenda anoe pangägĕng-agĕngna d
sakoeliah tanah Indonesia. Djadi goedangna mangratoes-ratoes reboe
boekoe sakola sarĕng batjaan oemoem, basa: Soenda, Malajoe, Djawa
Walanda, Inggris, Fransch sarĕng Duitsch, boh noe weuteuh, boh
noe oeroet. Soemangga poendoet saban sasih Prijscourant noe nĕmbe ka

TOKO BOEKOE M. I. PRAWIRA-WINATA —

hadiat . .	f 0,35
Werdi-	
arat I	f 0.60
	0.40
	50
	f 0,50
	f 1 20
ang	f 0.50
II	f 0.35
t)	f 0.70
.	f 0.20
ma-	
- III à	f 0.45
in . .	f 1.50
Goemi-	
ndjoeran	f 0.20
Nangis Dewi Sinta	f 0.40
Tjeurik Oma	f 0,10
Paririmbon 2 (patakonan, rĕpok, Imam Mahdi enz.)	f 0,50
id. 3 (Elmoe Pirasat)	f 0.50
Waw. Ibadah kalawan iman	f 0.60
" Mi'radj Kangdjeng Nabi Moehammad	f 0,75
" Hikajat Nabi Paras	f 0.50
Waw. Hadis	f 0.35
Tjarios Lali Djiwa . .	f 0.50
Waw. Ĕnden Sari Banon	f 1.—
" Soekmasadjati . .	f 0.60
" Sajidina Amir Hamzah I-III-IV-V à	f 1.—

Sawer Pakoean (bab elmoe)	f 0.20
Waw. Rasiah Noe Geulis I - II - III à	f 1.—
" Rasiah Noe Geulis tamat, djilid linnen	f 3.—
Sawer Pamalaten . . .	f 0 20
Agama Islam	f 2 25
Waw. Angling Darma I	f 1.75
id. II	f 1.50
Al-Boer-han Kitab Fiqh I	f 0.70
id. II	f 1.—
Tafsir Al Foer-qan I - II à	f 0.80
id. III	f 1.—
Loeloehoer Pĕndawa . .	f 0.20
Tafsir Gajatoel-bajan I - III à	f 1.—
Lezing D. K. Ardiwinata	f 0.30
Djodo Pakokolot . . .	f 0.50
Dasar djodona I . . .	f 0.10
Dongeng Saeutik patri .	f 0.25
Bi Sarinĕm I f 0,60, ka III	f 1.—
Waw. Ekalaja	f 0.20
Istri Sadjati	f 0.45
Waw. Foetoeltjoel Chebar (pĕrang Chebar)	f 0.75
Waw. Gĕnding Karĕsmen	f 0.50
Dogdog Pangrewong .	f 0.60
Djĕritna noe dipangnjandoengkeun	f 0.10
Tjarios Agan Joeana . .	f 0.40
Pangbĕbĕrah manah . .	f 0.15
Bab Kawin (aks. Arab) .	f 0.75
Adat djalma di Pasoendan	f 0.50
Roesiah nonoman Garoet	f 0.50
Tiloe pradjoerit istri . .	f 0,15

Pangaos noe di loehoer djabi ongkos. Oepami ngagaleuh seueur, ongkos ngintoenkeunana ± 20% (1/5) tina pangaos noe dipesen.

0010-66411660
0112536059
XXXIV 12 12.

BODOR TRI WANGSA

I

KENGING NGARANG SARÉNG NGÉMPÉLKEUN

TILOE SOBAT

DIPASIEUP KOE

GOTAMA

ANOE NGARANG BOEKOE

AKI-AKI OGOAN sareng FABRIK SEURI

TJITAKAN KA 3 — KA 5000 BOEKOE

Hak noe ngarang ditangtajoengan koe Wet noe kaoengel — dina Staatsblad 1912 No. 600 art. 11. —

BIBLIOTHEEK B VAN

ANOE GADOEH HAK KANA IEU BOEKOE
M. I. PRAWIRA-WINATA
BOEKHANDELAAR
DI
BANDOENG

PERPUSTAKAAN NASIONAL R.I.
Tanggal : 19-01-2012
Item ID : 0129360 59
No. Induk : 2012 00103904132
BIB-ID : 0010-6411660
Beli/Hadiah : Hadiah

HATOER TINGALI

Soegri boekoe gagadoehan pribados, kitoe deui roepi-roepi fotoalbum (panjimpenan potret), pigoera, gambar-gambar (platen) sareng sapalih barang sanes, kenging di-bon:

Atoeranana:

I. Ngartosanana tina hidji bon sakirang-kirangna lima ketip dina sasasih sareng waktosna moenahan panglamina sapoe-loeh sasih.

II. Bajaran anoe kahidji (sakirang-kirangna $^{1}/_{10}$ na) sareng ongkos ngintoenkeunana kedah diartosan ti pajoen. Djadi pikeun anoe linggih di loear kota Bandoeng, oepami teu ngintoenkeun artosna ti pajoen, barangna bade dikintoenkeun rembours, seueurna artos $^{1}/_{10}$ na tina pangaos barang noe di-bon tea sareng saseueurna ongkos ngintoenkeunana.

III. Serat bon-na sareng daptar barang-barangna noe kenging di-bon parantos di-sajagikeun di toko, kantoen moendoet bae.

Salam miwah hormatna,

BOEKHANDEL EN DRUKKERIJ

M. I. PRAWIRA-WINATA

Katja-katja Wetan 132 - Telf. 2725 - Bandoeng

DRUKWERK-PAKKET

Pangaos kaperloean njerat anoe nganggo djoedoel (nganggo djenengan, padamelan, palinggihan), anoe pangmirah-mirahna, sapertos anoe diserat di handap ieu :

100	amplop	f 1,50
100	lambar postpapier	„ 1,50
100	„ briefkaart	„ 1,50
1	blocnoot eusi 100 lambar	„ 1,25
100	kartjis djenengan, nganggo amplop	„ 1,50
	Ongkos ngintoenkeun, postpakket	„ 0,75
	Djoemlah	f 8,—

Namoeng oepami Djoeragan ngintoen artos ti pajoeh moeng dipangaosan f 5.50, tampi di boemi.

Oepami bade ngersakeun ngagaleuh, dina serat pesenanana atanapi dina postwisselna perjogi diserat sing terang: djenengan. padamelan sareng palinggihan; sareng kedah disebatkeun, jen eta artos teh anggoëun ngagaleuh drukwerk-pakket.

Kenging moendoet monster-drukwerken kekengingan njitak pribados.

BOEKHANDEL EN DRUKKERIJ
M. I. PRAWIRA-WINATA
KATJA-KATJA WETAN 132 - TELF. 2725 - BANDOENG

BODOR TRI WANGSA

I

kas
eta
ma
kali
oela
S
teu

Soe

B
Nov
noe
kana
seue
Bod
N
dor
rago
ditjit
koe
W
mata
anoe
masi
emoe
Ka
witar
Prau
dang

PIHATOER.

Teu aja sanes, noe mawi ngadaměl ieu boekoe, moeng pikeun kasoekaan bae. Doepi kasoekaan tea, agĕng pisan damělna, nja eta matak nĕbihkeun kasawat, matak moekakeun akal sarĕng matak soeka bae. Nanging oepami aja noe teu goemoedjĕng sakali maos, sae aos deui bae sing dongkap ka goemoedjĕngna; oelah wĕleh-wĕleh!

Sadjabina ti eta, pihatoer noe ngarang, nja kitoe tea bae, teu naon-naon.

Salam noe ngarang

Soemĕdang 17 November 1913.

Pihatoer dina tjitakan kadoea.

Bodor tri wangsa I tjitakan kahidji ditjitakna dina ping 17 November 1913, seueurna 2000 boekoe. Dina taoen 1915, eta noe 2000 boekoe teh parantos seep dibantjang. Oepami ningal kana waktosna anoe sakitoe samporetna, sarĕng ningal kana seueurna boekoe noe parantos padjĕng, djadi tawis, jen boekoe **Bodor tri wangsa I** teh teu kintĕn seueurna noe mikarĕsĕp.

Namoeng teu kintĕn handjakalna, reh ti sapĕsna boekoe **Bodor tri wangsa I** nirtja tina pĕrdagangan, roepina koe noe karagoengan daměl teu pisan diropea, boektina hĕnteu enggal-enggal ditjitak deui, padahal teu kirang-kirang anoe masih panasaran koe loetjoena.

Wireh djisim koering manglĕbarkeun koe boekoe anoe sakitoe matak kajoengjoenna, sarĕng bade njoemponan kana panoehoenna anoe panasaran tea, nja enggalna djisim koering ngeureujeuh masieup, njaroengsoem sarĕng ngagĕntos sapalih dongengna, tjek emoetan mah soepados woewoeh loetjoena.

Kalawan widina **Tiloe Sobat,** nja noe karagoengan daměl wiwitan sarĕng kalawan pangdjeudjeuhkeunana *Djoeragan M. I. Prawira-Winata*, ieu boekoe **Bodor tri wangsa I** koemĕlĕndang deui ka tanah Pasoendan, bade njoengkĕm ka soegrining

noe mikagĕgĕl. bade soemolondo njoeoeh ka noe mikaloetjoe, malahmandar djadi panglĕlĕdjar manah soengkawa.

Salam miwah ta'dimna,

GOTAMA.

Bandoeng, 22 Juli 1924.

Pihatoer dina tjitakan katiloe.

Dina tjitakan katiloe seueurna njitak 2000 boekoe.
Dina tjitakan ieu aja oge noe didangdosan saoetak-saeutik, maksadna soepados woewoeh matak rĕsmi galih.

Salam miwah hormatna noe masieup,

GOTAMA.

Bandoeng, 28 Juli 1930.

---

1. Boedak gedjoel.

Si Ta'oed boedak rada gelo alias gĕdjoel; hidji mangsa keur leumpang di sisi djalan, titadjong kana akar djoear, barang gĕtroek, omongna: „Handjakal mawa soekoe, geus bae titadjong."

Toeloej leumpang deui, ari taeun tidagor kana tihang lantera, omongna: „Handjakal mawa hoeloe, geus bae tidagor."

Ti dinja manehna leumpang deui njorang djalan leueur, tisoledat, bloeg laboeh; omongna: „Handjakal mawa awak, geus bae laboeh."

Barang keur ngomong kitoe, kanjahoan koe noe ngaliwat, omong noe ngaliwat teh bari njĕntak: „Si, sia! omong-omongan teh kawas noe boeroeng bae!"

Djawab si Ta'oed bari molotot: „Da memang!"

Tjek noe ngaliwat bari toeloej: „Paingan, soeroep kana patoetna."

Nembal deui si Ta'oed: „Soekoer ari soeroep mah."

Omong noe ngaliwat bari malik, sĕmoe ambĕk: „Montong njaploek sia, bisi ditanggelong koe bĕdog!"

Tjek si Ta'oed: „Koe saha?"

Tjarek noe ngaliwat bari njampeurkeun: „Koe aing sia ririwa!"

Si Ta'oed lain sieuneun, anggoer njampeurkeun, ragag-rigig boegag-bĕgeg sarta ramo leungeunna diroejam-roejam, kawas noe njingsieunan boedak bari omongna: „Halik! halik! disogot dosolna!"

2. Kasamaran.

Pa Salikoen ka pasar rek balandja, kabĕnĕran keur poë pasar, atoeh rea djĕlĕma, pabalioet. Waktoe manehna keur milihan bonteng, ngareret ka gigir, aja awewe keur milihan tjabe, tjek pikirna: „Na iraha ka pasarna eta Nji Ĕngkok, wĕt geus aja di dieu"

Toeloej koe manehna ditjĕkĕl taktakna ti toekang bari diojagkeun. Barang ngalieuk wĕt lain; tapi tina geus kalĕpasan, pek bae digĕbah, pokna: „Bakekok! heh, heh."

Tjeuk noe digĕbah: „Aeh! nanaonan ieu teh, koekak-kekok?"
Tembalna: „Minangka loeloetoengan!"
\+ „Koetan lain loetoeng ĕnjaan?"
— „Ah, sieun boentoetan!" Toeloej ngaleos bari balahambelehem.

3. Noe lain-lain.

Aja hidji kiai boga anak awewe landjang keneh. Eta Kiai geus badami djeung pamadjikanana, jen anakna moal dikawinkeun ka anoe hĕnteu bisaeun aksara Arab. Maksoedna Kiai kitoe, kadenge koe hidji djĕlĕma; ti dinja manehna toeloej bae ngadjoegdjoeg imah Kiai. Barang datang Kiai njampak aja, sarta nanja ka manehna: „Aja pikĕrsaeun naon Djang?"

Djawab semah: „Soemoehoen hĕnteu, sĕdja doemeuheus bae."
Kiai: „Tjoba bae tĕrangkeun pĕrloena! aja pikĕrsaeun naon Oedjang teh?"
Semah: „Soemoehoen eta, sim koering teh sajaktosna mah aja maksad, manawi dipasihkeun bade njoehoenkeun toeang poetra."
Kiai: „Ih, hĕnteu aja halangan ari aja noe ngaloemajankeun mah, ngan koe pamaksoedan, hajang boga minantoe teh anoe bisaeun aksara Arab. Aeh, djeung saha Oedjang teh nja toeang djĕnĕngan?"
Semah: „Soemoehoen isin, teu wantoen nĕrangkeun."
\+ „Ih, montong era-era, pek bae tĕrangkeun!"
— „Soemoehoen adjrih."
\+ „Nja ari era njĕboetkeun ngaran mah, tjoba aksarana bae sĕboetan!"
— „Soemoehoen kap sarĕng ĕnoen."
\+ „Kana?"
— „Sanes."
\+ „Kani?"
— „Sanes."
\+ „Kanoe?"
— „Sanes."
\+ „Nja naon atoeh?
— „Soemoehoen Behom."

\+ „Naon Behom ?"

— „Soemoehoen wasta abdi, Oedjang Behom."

\+ „Astagfiroellah ! aja *kap* djeung *enoen* djadi Behom ! Los ah geura njingkir sing djaoeh, toeh ka ditoe ka sabrang ka Palembang !"

— „Abdi mah Oedjang Behom tea, sanes tjolek-tjolek."

\+ „Montong rea omong, hajoh indit, bisi aing kabawa ka naraka."

— „Atoeh poentĕn Kiai !"

\+ Djor ! geura djor ! Tapi ati-ati sia di pipir, moen wani-wani toeal-toël kana poë sorban aing, ditarok ke hoeloe sia koe toelang onta !"

4. Boedak tjegekan.

Aja hidji boedak, ngaranna si Tenggor, ditanja koe toekang mempo, pokna : „Djang, ari di dieu saha gĕgĕdoegna ?"

Tembal si Tenggor : „Lisoeng djeung djoedlĕg, gĕgĕdoegna mah."

Tjek toekang mempo : „Soegan noe loehoer-loehoer ?"

Djawab si Tenggor : „Rea, tangkal kalapa, djambe, kawoeng."

Tjarek toekang mempo bari sĕmoe ambĕk : „Jej, si goreng-patoet, koe rantjage."

Nembal deui si Tenggor : „Di rantja-rantja koe aja dage, di imah ge euweuh."

Tjek toekang mempo : „Montong ngomong sia, ditoemboek kadoet sia ĕngke koe aing !"

Djawab si Tenggor bari loeak-lieuk neangan piloempateun : „Naha ari koelit beuteungna rek diliwat ?"

Toekang mempo teh teu kira-kira ambĕkna, sĕbret njaboet bĕdog, bĕlĕwĕr si Tenggor ditenggor koe bĕdog, tapi teu keuna. Barang bĕdogna geus ragrag, toeloej koe si Tenggor dipoeloeng, dibawa loempat bari ngomong : „Tah euj, nimoe bĕdog keur paranti ngala soeloeh !"

Toekang mempo teh beuki ambĕk bae, toeloej loempat ngoe-dag si Tenggor, tapi teu ngomong sakĕmeh-kĕmek atjan, da sieuneun ditjegek deui.

Si Tenggor loempatna beuki tarik bari ngoelang-ngoelang bědog sarta gěgěroan: „Hojah rek maok bědog, rek maok bědog!"

Toekang mempo beuki amběk bae, beungeutna beureum, hoentoena kěkěrot, toengtoengna mewek.

5. Si Kardoen.

„Rek ka mana Kardoen, noengtoen andjing?" tjek tatanggana.

Kardoen: „Rek ka hareup, Pa."

\+ „Leuh, na aja andjing aloes-aloes teuing."

— „Ěnja, tjatjakan teu ditjet mah."

\+ „„Moal teu daekan kana měntjěk bangoenna mah."

— „Nja tjoba bae hoeapan ka dinja, geura!"

Tatanggana njěrěng, pokna: „Ih! na sia ieuh, kawas lain ditanja koe kolot bae, si!"

Kardoen: „Wah! kolotok."

\+ „Bari koe madoean bae, aja mangkěloek, si!"

— „Madoe koetjing, noe haseum tea!"

Tatanggana morongos: „Geura ke sia koe aing diběběskeun kana ěmběl!"

Kardoen: „Handjat deui bae lalaoenan, hajoh;" ngomongna kitoe teh bari ngarěnjohan.

6. Wadana baheula.

Djaman baheula aja hidji dalěm soemping ka distrik, mariksa ka wadana: „Wadana! ari di leuweung-leuweung bawahan Wadana rea měntjěkna? koela hajang běbědil."

Wangsoelna Wadana: „Soemoehoen sanes seueur deui, ieu mah langkoeng-langkoeng ti seueur, sarěng lalindeuk pisan, hěnteu kědah nganggo bědil."

Dalěm: „Atoeh meureun Wadana rěměn meunang, ari lalindeuk mah."

Wadana: „Noe mawi hidji oge teu atjan kenging."

\+ „Naha?"

— „Da eta, ... anoe lalindeuk temah měntjěk paeh."

7. Diadjar njieun boboko.

Tjek Bapa Ngaok: „Ngaok! Ngaok! njieun-njieun boboko ka dinja, tamba nganggoer!"

Djawab si Ngaok: „Koemaha Pa njieunna?"

Tjek bapana: „Teu njaho, aing ge teu bisa."

Geus ktioe si Ngaok toeloej indit, maksoedna rek goegoeroe njieun boboko. Di djalan papanggih djeung batoerna, noe ngaran Ohen. Omong si Ngaok: „Hen! Hen! koemaha ari njieun boboko? Tjik dewek pagahan!"

„Hih, gampang!" tjek si Ohen, „tonggengkeun bae boboko pamadjikan silaing."

Sanggeus dipapatahan koe sobatna kitoe, toeloej bae manehna balik gagantjangan.

Barang datang ka imahna, si Ngaok gĕgĕroan, pokna: „Pamadjikan! pamadjikan! geuwat ka dieu!"

„Rek naon kaka?" Tjek pamadjikanana bari norodjol.

Tjek si Ngaok: „Nonggeng!"

Pamadjikanana nembal bari sĕmoe ngamběk: „Kawas ka noe boeroeng bae, make nitah nonggeng!"

Tembal si Ngaok: „Leh, make nembal, naon rarasaan teh, poetra Nabi sia teh? Batan kitoe babangoenan teu poegoeh hoeloe boentoet, siga ĕndog lini, make disada, moengpang piwarangan; hajoh nonggeng!"

Bawaning sieuneun, pamadjikanana teu pandjang tjarita, toeloej bae pĕpĕta.

Barang rek prak pisan nonggeng, disĕntak koe si Ngaok: „Lain sia, ... boboko! Sia mah oelah kikitoean, bisi dibĕdil koe pel-poelisi!"

Djawab pamadjikanana: „Moen atoeh ti tadi, boboko kitoeh!"

„Apan tjek kami oge boboko," tembal si Ngaok, „ngan tatjan pok bae tadi mah."

8. Arit.

Aja doea djalma njaba babarĕngan, di djalan manggih arit.

Tjek noe saoerang: „Euj, ieu dewek manggih oegĕt-oegĕt."

Tembal batoerna: „Tjeueung ngilikan! Ih tjeuk saha oegĕt-oegĕt; doesoen silaing eta, geuning ieu mah gondjeng-oser."

Akoeanana kitoe teh datang ka parea-rea omong, gĕr pasea, patoendjoek-toendjoek. Keur kitoe djol aja noe ngaliwat, pok ngomong: „Nanaonan ieu teh mani patorong-torong?"

Tjeuk noe saoerang: „Ieu koering manggih oegĕt-oegĕt."

Tembal batoerna: „Ih ketah! lain-lain sing oegĕt-oegĕt, poegoeh gondjeng-oser noe kitoe mah."

Noe ngaliwat soesaheun, sihoreng manehna oge teu njahoëun, pokna: „Tjikan ngilikan! Ih, geuning ieu mah oegĕt-oegĕt lain, gondjeng-oser lain, noe ĕnja mah solek-sonder."

Ti dinja gĕr deui tiloean parea-rea beunang.

Tjeuk noe saoerang: „Tjing hajang njaho oerang tanjakeun ka koewoe di dieu, hajoe!"

Ti dinja toeloej arindit; barang datang ka koewoe, toeloej dipadoekeun, sarta pada hajang bĕnĕr.

Tjek koewoe: „Geus ajeuna mah montong parea-parea omong, koe koela rek dipoetoes," bari ditjokot arit teh diigĕl-igĕlkeun, pokna: „ieu barang, oegĕt-oegĕt lain, gondjeng-oser lain, solek-sonder lain, ngaranna anoe saĕnja-ĕnjana mah „katjaprat-balakatjilot."

9. Daoen mareme.

Aja paninggaran rek bĕbĕdil, ngaliwat ka hoema: koe noe boga hoema dieureunkeun bari ditanja: „Bade angkat ka mana kang?"

Paninggaran: „Rek moro oentjal."

\+ „Koe naon ngalana?"

— „Dibĕdil koe bĕdil."

\+ „Keur naon teuing koe bĕdil, mĕnding ge koe daoen mareme, dimeme-meme geura!"

— „Na gampang eta teh, daekeun njampeurkeun?"

Noe boga hoema ngadjawab bari toeloej matjoel deui: „Anoe mawi, doeka teuing."

Paninggaran ambĕkeun, toeloej madjoe deui bari manjoen.

10. Ngalamoen.

Djaman baheula, bedjana aja doea djalma aki-aki djeung intjoena, ari tjek intjoena: „Aki! lamoen oerang nimoe doeit saperak, rek dipake meuli naon?"

Djawab akina: „Aki mah rek dibeulikeun kana awi."

Djawab intjoena: „His, salah eta pangatoeran teh, beda djeung pikiran Kaoem-moeda mah."

Tjek akina: „Na koemaha Djang ari pikiran Kaoem-moeda."

„Beulikeun kana koeda bělang; tah kitoe ari pikiran Kaoem-moeda mah. Lain model eta atoeran?" tjek intjoena.

„Beu! Teu tjotjog eta atoeran teh djeung pikiran aki mah. Tapi teu njaho ketah ari pikiran Kaoem-moeda gědjoel mah tjara maneh." Tjek akina.

Intjoena ngamběk bari morongos, pokna: „Djeung awi mah pisetaneun!"

Tembal akina: „His oelah běndoe Djang, alon napsoe, ke, ke, koe aki rek dipěrtelakeun: Eta awi oerang djieun boeboe, boeboena oerang taheunkeun, meureun meunang laoek; laoekna oerang dahar djeung sangoe noe poelěn teh."

„Wah!" Tjek intjoena, „měnding ge ditamboel bari sidoeroe."

Tembal akina: „Hih, ari si bědoel, tjek aing kedjoan, kedjoan!"

Nembal deui intjoena bari singkil: „Tjek aing tamboel, tamboel!"

\+ „Kedjoan!"

— „Tamboel!"

Toengtoengna parea-rea omong, gěr bae galoengan.

Keur kitoe, djěboel nini datang; barang manehna nendjo aki djeung intjoe keur gěloet, toeloej njioek tjai, dibandjoerkeun ka noe keur papoekět, atoeh noe gěloet teh eureun.

Tjek nini: „Nanaonan kolot-kolot gěloet djeung intjoe, na teu era koe Pangeran?"

Djawab aki: „Bongan laoek aing ditamboelan."

„Na meunang laoek ti mana?" Tjek nini.

Djawab aki: „Lamoen."

Awahing koe ngeunah-ngeunahna nini njeungseurikeun, datang ka teurab.

11. Doea boedak.

Aja doea boedak keur aroelin, njoo taneuh di boeroean bari toetoelisan koe tjoeroek kana taneuh.

Tjek si Marhong: „Bapa silaing sabaraha hidji Bĕgo?"

Tembal si Bĕgo: „Aing mah boga doea bapa oge, ĕma deui hidji djeung doeloer deui, ĕmbok Siněm deui".

\+ „Aing mah tiloe doeloerna oge, bapa, ĕma deuih".

— „Komo aing mah boga kaka deui hajoh! djeung bapa bogaeun domba lima".

\+ „Ah keur naon domba mah sok neunggar, mĕnding ge doeit, dibeulikeun kana koeeh, hajoh!"

— „Naha da bapa ge bogaeun moending mah".

\+ „Komo aing mah boga maoeng, hajoh! di leuweung."

— „Aing ge singa deuih di kamedi, gadjahna toelalean, hajoh!"

\+ „Aing ge doeitna bapa saimah."

— „Bapa aing mah doea imah doeitna oge"

Marhong ambĕkeun bari molotot: „Bapa aing mah salangit doeitna oge, pek deuleu!"

Kitoe bae paloba-loba omong, datang ka gĕr gĕloet, gegerelengan tjara poejoeh bae. Toengtoengna goak tjeurik doeanana.

Torodjol bapana bidjil bari mawa pangrangket, pokna: „Koe naon ieu teh, geura ke sia dirangket koe aing!"

Omong si Marhong: „Da bongan si Bĕgo njokotan doeit koering salangit."

12. Wadana pangsioen.

Djaman baheula pisan, beh ditoeeun baheula, aia hidji wadana pangsioen djadi lid landrat Toean Prĕsiden landrat mariksa ka hidji-hidji lid, saoerna: „Koemaha timbangan Panghoeloe ieu poetoesanana?"

Panghoeloe: „Hoekoem bĕrat, Toean!"

Prĕsiden: „Koemaha timbangan Wadana?"

Wadana: „Koemaha timbangan Toean Prĕsiden wae, ngiringan koemaha kĕrsa."

Prĕsiden: „Is, Wadana mah bĕt teu poegoeh!"

Wadana: „Soemoehoen, teu poegoeh."

13. Noe maling meri.

Dina hidji peuting si Tihoel rek maling mĕri, toeloej asoep kana kandangna. Barang geus asoep, newak hidji noe panglintoehna.

Mĕri teh disada wekwekan; atoeh noe bogana hoedang, bidjil ka loear mawa paneunggeul bari gĕgĕroan: „Mĕri aing oelah dibangsat!"

Tjek si Tihoel bari loempat: „Tjek saha mĕri aing, da poegoeh ge mĕri beungeut sia!"

Tjek noe boga mĕri: „Noeroestoendjoeng si goreng-patoet, ari kanjahoan teh ngambĕk!"

Si Tihoel nembalan ti noe poĕk: „Na ari sia ditjet kitoe? make njĕboetkeun goreng patoet!"

Koe sabab loempatna si Tihoel balangah, manehna titadjong. bloeg bae laboeh.

Tjek noe boga imah: „Modar sia!"

Tjek si Tihoel bari loempat: „Hojah da dihadja! Hojah da dihadja!"

14. Tetegoehan.

„Tjing tĕgoeh, ngeupeul naon ieu dewek. Artajim?" Tjek Djariman.

„Artajim: „Ngeupeul peureup."

\+ „Naon eusina?"

— „Na silaing teu njaho kitoeh?"

\+ „Ih poegoeh ge njaho dewek mah."

— „Naha atoeh ditanjakeun ari njaho mah?"

\+ „Soegan bae silaing njaho."

— „Dewek-dewek koe njaho, silaing oge teu njaho."

\+ „Da doeit, toeh tendjo!"

— „Da ĕnja doeit tjek dewek oge; pek tĕgoehkeun deui, bisa geura ajeuna mah."

+ „Ih ari silaing, koe teu poegoeh."

— „Ĕnja tjara silaing bae geuning teu poegoeh."

15. Kawin.

Djaman koena, aja noe rek kawin, tina tatjan njaho pĕtapĕtana, koe bapana dipapatahan, pokna: „Ĕngke dimana datang ka Kaoem, koedoe ditoeroetkeun sakoemaha omong djeung pĕtana kalipah."

Ti dinja panganten teh toeloej indit. Barang datang ka Kaoem, ditanja koe Kalipah: „Maneh rek kawin?"

Panganten: „Maneh rek kawin?"

+ „Naha ditanja malikkeun?"

— „Naha ditanja malikkeun?"

+ „Gelo sia teh?"

— „Gelo sia teh?"

Kalipah teh poesingeun, asa ngomong djeung noe edan, teu antaparah deui, bolbol gamplĕng bae panganten teh ditampiling, nĕpi ka ngaringkoek. Panganten hoedang, ngagilingkeun leungeun badjoe, bolbol gamplĕng deui malĕs ka Kalipah, ditondjok tjoekang iroengna, nĕpi ka ngalĕnggak. Toengtoengna gĕr bae gĕloet, papoekĕt kawas poejoeh diadoe; lila-lila Kalipah eleh, ngarengkol di djoeroe, kawas noe beunang nilĕpan bae.

Sanggeus Kalipah eleh gĕloetna, panganten teh gantjang bae balik, haliweuhweuh tjatjarita ka bapana, pokna: „Edas pa! bangga geuning kawin teh; lamoen koering teu bisa ngelehkeun Kalipah, meureun lapoer si Neneng moal kapimilik."

16. Teu kabilang.

Paboeboerit si Moestakim balik, beuteung ngoeseup ti Tjitaroem. Djeudjeur oeseupna dipanggoel, korangna ngagamblok dina tjangkengna sagĕde boeboe dioek. Leumpangna bangoen goembira, malah make bari heheotan naon sagala, tajohna tjoekoel barangälana.

Barang leumpangna nĕpi ka pilĕmboeran, ditanja koe batoerna, pokna : „Koemaha euj, loba beubeunanganana ?"
Djawabna : „Wah, geus teu kabilang !"
+ „Atoeh ari loba mah dewek menta !"
— „His ari silaing, noe matak teu hidji-hidji atjan."

17. Koeja.

Alip : „Ka mana euj silaing euweuh bae, Satar !"
Saṭar : „Karek datang euj, tas ngoeseup, Alip."
+ „Meunang naon ?"
— „Teu meunang nanaon, ngan bapa meunang koeja, gĕde teh."
+ „Sagĕde koemaha euj ?"
— „Noe matak gĕde euj, eta bae boentoetna ge meureun aja sadeupa mah."
+ „Ah, sok ngawadoel silaing mah."
— „Naha kitoe ?"
+ „Moal ĕnja aja koeja boentoetan, soemawonna nĕpi ka sadeupa, taja pĕtana."
— „Eum, na ari silaing sok tara ngandĕl ; ĕnja euj boentoetan, tah sakieu sakodok meureun," bari dipĕtakeun.
+ „Ah ! teu ngandĕl, koeja mah tara boentoetan."
— „Eum, na ari silaing, sakieu tah sakieu ! sadjeungkal !"
+ „Ah, euweuh boentoetan."
— „Edas, silaing mah sakieu tah, satjoeroek."
+ „Ah teu pĕrtjaja "

Satar morongos : „Heueuh atoeh matak naon sakieu-kieu bae mah roedjoekan, tinimbang djeung silihtondjok mah, da moal matak djadi boentoetan ieuh !"

18. Djaksa djeung bangsat.

Djaksa : „Ĕnja maneh maling barang Bapa Etjle ?"
Bangsat : „Hĕnteu ari maling mah, moeng roemaos soteh ngabantoen teu bebedja."
+ „Heueuh, nja noe kitoe noe disĕboet ngabadog teh ! Ajeuna maneh diboei 8 poë."

— „Ah, alim, abdi mah, da teu roemaos maling, roemaos soteh ngabantoen barang teu bebedja."

+ „Heug atoeh ari kitoe mah koe dewek moal diboei, ngan rek digĕdongan bae, lilana 8 poë, sore isoek dibere dadaharan, ngan rek digawekeun."

— „Mangga ari kitoe mah, ngan oelah diboei bae abdi mah."

+ „Heueuh, moal. Bawa ka ditoe oepas eta bangsat teh."

19. Poepoendakan.

Aja doea djalma noe poepoendakan, noe saoerang ngaranna Misro, noe saoerang deui Abig.

Dina hidji waktoe, poë Djoemaah, Misro ngoeseup di leuwi noe sangĕt.

Keur kitoe, ngadenge anak djin gĕgĕroan ka bapana, pokna: „Abah! abah! hajang poepoendakan keur maen bal!"

Misro teu kira-kira sieuneunana, toeloej balik bari loempat satakĕr tanaga. Di djalan dirampa taktakna, bĕt euweuh poepoendakanana teh; manehna teu kira-kira atoheunana.

Dĕmi isoekna, gok papanggih djeung Abig; tjek Abig bari sĕmoe heran: „Ka mana Ro, poepoendakan silaing? Ajeuna mah bĕt djadi kasep kawas satria bae."

Tjek Misro: „Atoeh poegoeh, da dewek mah boga baraja iblis."

Ti dinja koe Misro toeloej ditjaritakeun oesoel-asalna noe matak poepoendakanana leungit.

Omong Abig: „Ah! dewek ge rek ngoeseup ajeuna, soegan bae dipenta deui keur aloeng-bojong."

Geus kitoe toeloej indit. Barang keur ngeunah-ngeunah ngoeseup, anak djin teh gĕgĕroan deui: „Abah! abah! ieu poepoendakan teh poelangkeun deui, oeing geus bosĕn!"

Poepoendakan koe bapana toeloej ditjokot, dibawa ka sisi leuwi. Ari datang, njampak aja noe keur ngoeseup, maroekanana djin nja eta noe boga poepoendakan teh, toeloej bae ditaplokkeun kana taktakna.

Atoeh Abig teu kira-kira reuwaseunana djeung poepoendakanana ngadak-ngadak djadi gĕde, mondjoto kawas poepoendakan

si Tjepot bae, sarta dina poentjakna make boeloean kawas djanggot Sĕmar.

Bawaning koe keuheul, toeloej Abig malik molototan poepoendakanana barina njarekan: „Dasar siah sisit andjing, titirah ngadon kantjeuh, ditambakeun kalah njondol!"

20. Noe koret djeung noe tjareraman.

Aja doea djĕlĕma, noe koret djeung noe tjareraman; eta doea djalma geus djadi sabiwir hidji, pada ngoepat koe adatna kitoe.

Sakali mangsa, doeaan badami, pokna: „Tjing koemaha euj oerang teh, mana pada ngoepat teuing, mani geus asa rawing daoen tjeuli djeung tampa raos deuih Lain, silaing tea atoeh wĕt koe teu euih-euih koret teh, moen geura pitjeun ka dinja!"

Tembal noe koret: „Heueuh, tjara silaing bae, aja tjareraman dibeakkeun koe sorangan. Lamoen silaing daek mitjeun adat tjarereman mah, adat dewek oge rek dipitjeun."

Tjek noe tjareraman: „Hajoe oerang pada soempah, tapi . . !"

Tembalna: „Hajoe, naha . . . !"

Ti dinja doeanana soempah rek mitjeun adatna kitoe, sanggeusna toeloej papisah.

Sanggeus sababaraha poë ti harita, parĕng paamprok deui.

Tjek noe tjĕdik: „Koemaha euj tjageur tjareraman teh ajeuna?"

Walonna; „Pangesto kang, bĕrkah teu kirang sawios-wios. Koemaha akang damang tjĕdik teh?"

Tjek noe tjĕdik: „Bĕrkah ji, parantos damang."

Tjek noe tjareraman: „Lah noehoen atoeh kang ari parantos damang mah. Aeh! kang, soegan kagoengan bako sarokoëun bae, koering geus teu bakona."

Omong noe tjĕdik bari molotot sarta noendjoek: „Toeh! silaing mah madjar tjageur, geuning tjareraman keneh bae, eta!"

Noe tjareraman: „Na kang, sarokoëun bae."

Noe tjĕdik: „Ih euweuh euj, aja oge keur dewek, moal mahi."

Noe tjareraman malik noendjoek bari molotot: „Toeh! akang mah geuning eta tjĕdik keneh bae."

Geus kitoe mah toeloej tingkelemes bari tingrarindat. Tjing kawas naon?

Kawas koenjoek.

21. Salat.

Aja hidji lĕbe salat di tadjoeg, loba batoerna noe mariloe amoem, malah baroedak oge loba anoe mariloe salat, tapi kawantoe baroedak tatjan njaraho di ata-oetoena, bĕt lain saralat, anggoer heug bae hareureuj, nĕpi ka aja noe gĕloet papoekĕt, lantaran silihtjolok.

Kolot noe deukeut ka dinja poesingeun, ari rek ditjarek da keur salat, toengtoengna kalĕpasan bawaning ebat, waktoe matja: „Koel'aoedoebirobbina, si! naha sia heureuj bae?"

Kadenge koe noe gigireunana, pokna: „Eum, naha bĕt baranggeunggeureuhkeun teuing, keun bae da oerang mah keur salat?"

Tjek noe toekangeunana: „Ih naha, baratal eta, aja salat ngaromong bae."

Ditjawad deui koe noe sedjen, datang ka noe amoem teh tjarektjok ngoeroeskeun boedak gĕloet.

Imamna keuheuleun, pok ngomong: „Lah, koe matak keuheul ieu mah, kolot-kolot tjara baroedak bae, atoeh baratal eta! geuning ieu kami mah tjitjing bae teu ngomong sakĕmek-kĕmek atjan."

22. Noe dagang moentjang.

Aja hidji oerang Soenda, dagang moentjang ka Djawa-Injong, ari nawarkeunana kieu: „Man, moentjlang-mĕntjlongna, man!"

Tjek Djawa teh: „Apa man moentjlang-mĕntjlong."

Oerang Soenda teh bolbol ngamběk bae, da teu ngartieun basa Djawa, pokna: „Hapa-hapa tangkoerak sia! moentjang sabeuneur-beuneur!"

Djawa teh teu ngartieun kana omong toekang moentjang, toeloej manehna ngomong deui: Lo, lo, ko kĕmiri man!"

Tjek toekang moentjang bari molotot: „Na wani sia ka aing? make rek ngabiri! pek! pek! hajang diteke mah sia koe aing sing nĕpi ka boetak! Hĕndeh si Djawa, lĕngoes sia, si! si maling katoeng!"

Djawa-Injong teh teu kira-kira reuwaseunana, tina teu roemasa

boga dosa, bolbol diamběk; toeloej bae indit bari koekoeloe-toes, omongna: „Jong kaprimen kie si Koetjipret!"

23. Salah mangarti.

Aja doea koeli ngagotong hidji tong obat; noe saoerang bari oedoed sigaret.

Tjek noe teu oedoed: „Naha maneh teh gelo, wani-wani mawa obat bari oedoed sigaret?"

Djawabna: „Da soeroetoe mah teu boga."

Omong noe teu oedoed: „Naha maneh teu meunang bedja, kamari aja lima djalma noe paraeh kahembos obat, lantaran tina oedoed?"

Djawabna: „His, oerang mah moal kahembos, nadjan mawa obat bari oedoed oge, da oerang mah ngan doeaan, hěnteu limaan kawas noe kamari."

24. Tamba taja gawe.

Dina waktoe koempoelan, kangdjěng dalěm mariksa ka hidji tjamat, timbalanana: „Tjamat, naon pioendjoek Tjamat?"

Tjamat: „Eta, djalan ti Boerahol ka Goerandoel tea koe abdi dalěm bade dipindahkeun, ngalangkoeng lěmboer Boerajoet."

\+ „Naon sababna noe matak rek dipindahkeun, naha leuwih deukeut?"

— „Soemoehoen hěnteu, malah langkoeng těbih."

\+ „Naha leuwih rata?"

— „Soemoehoen hěnteu, malah langkoeng nandjak."

\+ „Leuwih lěmpěng meureun!"

— „Soemoehoen hěnteu, malah langkoeng belot."

\+ „Atoeh keur naon dipindahkeun ari leuwih goreng patoet mah?"

— „Soemoehoen dawoeh, tina teu taja gawe tea bae."

\+ „His, teu poegoeh eta Tjamat, pěpětaan teh kawas noe koerang . . . . . ."

— „Soemoehoen dawoeh, emoetan abdi dalěm oge nja kitoe, teu poegoeh."

25. Toean.

Aja hidji toean bĕbĕdil ka pilĕmboeran, di djalan andjeunna ningal pakel, toeloej mariksakeun ka noe bogana bari noendjoek, saoerna: „Man! man! apa itoe boendĕr-boendĕr."

Djawab noe bogana: „Moestik, oean!"

Saoer Toean: „Apa moestik?"

Djawab noe boga pakel: „Limoes leutik, noen."

Toean teh ngartieun, jen eta djĕlĕma teu bisaeun basa Malajoe, koe sabab eta, andjeunna tĕroes deui angkatna.

Teu sabaraha lilana, Toean teh ningali manoek hibĕr, andjeunna mariksakeun deui ka noe dagang hajam, saoerna: „Man! man! boeroeng apa itoe tĕrbang?"

Tjek noe dagang hajam: „Gĕmbroeng-gĕmbroengna mah di kidoel."

Toean mariksa deui bari rada njĕntak: „Boeroeng apa?"

„Di kidoel tjek oeing ge." Djawab toekang hajam.

Saoer Toean bari molotot sarta baeud: „Gila koee!"

Djawab toekang hajam: „Teu ngabantoen koee, ngan hajam bae."

Toean teh bĕndoe teu kira-kira, pok sasaoeran deui bari njĕntak: „Hot pĕrdom! apa koee gila?"

Toekang hajam toeloej loempat njampeurkeun ka batoerna bari gĕgĕroan: „Euj! euj! hajam teh rek ditoekeuran koe goela, bikeun ĕntong?"

Tjek batoerna: „Hih si doesoen! atoeh poegoeh bikeun mah, da goela mah amis!"

Toekang hajam toeloej balik deui, pok deui ngomong: „Mangga bae oean koe goela ge."

Toean tambah ambĕkeun, saoerna: „Bangsat! soedah!"

Toekang hajam toeloej loempat satakĕr tanaga bari gĕgĕroan ka batoerna, pokna: „Loempat, euj! Loempat euj! aja toean gelo! aja toean gelo!"

Batoerna miloe loempat bari nanja: „Gelo koemaha?"

Djawab toekang hajam: „Toean boeroeng, dewek mikeun hajam toekeurkeuneun tea, lain ditampa, anggoer rek diloeahan."

Djawab batoerna: „Na beukieun njeupah kitoe?"

Tjek batoerna: „Soegan mah beukieun, da bieu ge keur njisig, mani satoendjoek bakona ge."

Omong batoerna: „Soegan eta mah lain toean, boengaok meureun!"

26. Toekang biola djeung batoerna.

Aja hidji toekang biola koret kaandjangan koe batoerna; toekang biola teh ngomong, pokna: „Ji, geura ieu dangoekeun lagoe Krontjong-Bĕrandan, Bintang-Soerabaja, Aer mawar, Aer melati toempah, Boenga rimba sarĕng seueur-seueur deui."

Ari batoerna teh rada peuriheun peudjit, toeroeg-toeroeg geus tiloe djam lilana euweuh tjiatah-tjiatah atjan! tina bawaning poesing, pok bae ngomong: „Tjik kang, lagoe teh sĕdĕng digĕntos ajeuna mah, koe lagoe: „Aer mĕndidih, Brondong Depok, ari tjek oerang Soenda mah lagoe: Tjai ngagolak sarĕng Borondong Depok."

Koe priboemi kahartieun, jen batoerna menta disoegoehan, ranglĕbok, toeloej bae . . . . . dioesir.

27. Rek meuli kartjis.

Si Karda, isoek-isoek indit ka halteu Rantja-Ekek, niatna rek meuli kartjis, rek toempak kareta api ka Bandoeng.

Tjek si Karda ka toekang kartjis: „Den, sabaraha harga kartjis ka Bandoeng?"

Toekang kartjis: „Dalapan wĕlas sen."

\+ „Teu kenging kirang?"

— „Teu meunang, ieu mah harga pasti."

\+ „Ah, Den! lima benggol bae, da oerang teh tjek karoehoen mah baraja."

— „Teu meunang, nadjan ka baraja oge."

\+ „Ah mahal teuing sakitoe mah; kadjeun atoeh ari teu meunang koerang mah moal meuli ajeuna, ĕngke bae ari geus beurang, ambeh moerah. Pek mĕnding mana?"

— „Euweuh mĕndingna, da saroea bae."

\+ „Hĕndeh, ogoan!"

28. Oebar moeriang.

Aja hidji djalma ngaranna Pa Ehem, dina hidji poë ngalajad noe gĕring moeriang. Tjek noe gĕring teh: „Tjik kang! koering oebaran, soegan bae tjageur?"

Djawab Pa Ehem: „Hih! akang mah baheula basa gĕring moeriang, keur meudjeuhna nirisan teh ngabĕbĕk bae tjengek toedjoeh tĕlĕboeg, toeloej dihakan bari sila tea sarta peureum, teu koengsi saparapat djam geus beak."

Batoer Pa Ehem nambalang, pokna: „Ah! soegan akang mah bohong!"

Tembal Pa Ehem: „Ah! atoeh moal ditoeloejkeun!"

Omong noe gĕring: „Mangga bae kang ladjĕngkeun, koering mah pĕrtjantĕn pisan."

Omong Pa Ehem: „Ti dinja akang rada mĕnding; toeloej akang mapagkeun baroedak ka pasir, ari kasampak teh keur tjeurik bae, pokna: „Hajang kasir," atoeh akang teh neangan patjoel, toeloej ngali kasir; ari beh teh kasirna mani sagĕde goeloengan kasoer. Eta kasir boentoetna koe akang ditoël-toël, na ana djĕpret teh soekoena ngabĕtrik kana dada pisan, atoeh akang teh lĕs bae teu ingĕt; ari ingĕt keur oetjang-oetjangan di mega-malang bari njonjoo anak gĕlap. Lila-lila akang ngewa ka eta anak gĕlap teh, da bongan sok ngabĕgegan, toeloej koe akang diteke, na ana gamplĕng teh malĕs, nampiling kana poehoe tjeuli, atoeh akang teh lĕs bae teu ingĕt deui. Ana ingĕt geus aja di dasar laoet bari njonjoo ĕndog lini sagĕde-gĕde alaihim. Barang dipĕntjet-pĕntjet, ana bĕlĕdoeg teh bitoe, mani eundeur djagat, atoeh akang teh lĕng bae kapaehan. Ari ingĕt keur gĕblag di tĕngah imah lagoena Bĕrĕnoek-moendoer."

Omong batoerna: „Wah! soegan akang mah ngimpi!"

Djawab Pa Ehem bari molotot: „Si! njanjahoanan, geuning ieu dewek tjageur!"

Noe gĕring teh ngadadak tjageur, da sieuneun koe polototna Pa Ehem.

29. Pantoen.

Aja hidji lĕbe gondok, minantoean ka si Arpaën, teuing koe songong.

Dina hidji peuting keur tětěmbangan, ditjaloekan koe mitohana, pokna: „Arpaën! Arpaën!"

Tembalna: „Euj, ieu! rek naon silaing bapa!"

Tjek bapana: „Ka dieu, batan tětěmbangan kitoe mah, anggoer oerang ngopi!"

Ti dinja si Arpaën njampeurkeun.

Omong bapana: „Tjing Arpaën ka dieu, bedjana sia bisa mantoen, aing pangmantoenkeun."

Arpaën: „Seg bapa, lalakon naon kahajang?"

Tjek bapana: „Lalakon Moending Liman."

Ti dinja si Arpaën toeloej mantoen bari dikawihkeun, pokna:

„Moending Liman, Moending Liman."

„Djol ti kidoel tjěnah dikangkaloengan."

„Djol ti wetan tjěnah dikokomprangan."

„Djol ti kaler tjěnah dikeletekan."

„Djol ti koelon tjěnah dikolotokan."

„Gondok ka lěbe-lěbena."

Mitohana ngadjengkat bari njěntak: „Si! sia mah njegag ka aing!"

30. Toekang gentong.

Aja hidji toean keur matja soerat kabar di kěbon kěmbang: teu lila djol datang noe dagang gěntong. Omong toekang gěntong: „Poentěn oean, tida běli gěntong?"

Toean teh běndoe, koe sabab teu patoet aja gěntong ditawarkeun ka toean, toeroeg-toeroeg teu ngarti basana; saoer Toean: „Hot pěrědom!"

Djawab toekang gěntong bari gěntongna didengdekkeun: „Kantěnan njangkěrědong mah, toeh geuning mani mělěwong."

Toean njěntak, saoerna: „Pigih, setan!"

Djawab toekang gěntong: „His! gěntong mah sanes wadah gigih, sanes wadah kětan, wadah tjai."

Toean teu sasaoeran deui, emoetanana karo-karo gelo, toeloej bae balik.

Sanggeus Toean balik, toekang gěntong teh toeloej loempat ka djalan, nanjakeun ka djongos, pokna: „Kang, ari sapěrědom teh

sabaraha, meureun akang mah oeninga basa Walanda, da aja di toean!"

Djawabna bari toeloej: „Satalen!"

Toekang gĕntong toeloej loempat deui njampeurkeun ka Toean, omongna: „Ah, mangga wae atoeh toean gĕntong teh sapĕrĕdom poendjoel sĕteng, sapedah ka baraja."

Toean teh asa diheureujan, atoeh beuki tambah-tambah bĕndoena, toeloej andjeunna njandak batoe, gĕntong teh dibaledog, nĕpi ka peupeus hidji.

Toekang gĕntong toeloej indit bari ngoetroek.

Barang datang ka djalan, sesa gĕntong ditawar koe Djawa, omongna: „Man, man! eta gĕntong dimeuli bae koe koering nĕnĕm kĕtip."

Tembal toekang gĕntong: „Ah, oelah sakitoe mah, moen tiloe pĕrĕdom mah mangga."

Djawab Djawa bari indit: „Teu wanieun koeringna."

31. Tamba era.

Aja hidji boedak, ngaranna si Djamiin; hidji waktoe ditjandak ningali kamedi Harĕmsĕton koe djoeraganana.

Barang mĕnĕran keur ngamaenkeun gadjah, si Djamiin naros, pokna: „Gamparan! eta noe dimaenkeun teh sato naon?"

Saoer djoeraganana: „Apan nja eta anoe disĕboet gadjah teh."

Si Djamiin ngawalon bari sĕmoe noe geus njaho, omongna: „Atoeh paingan gamparan roepina sapĕrtos gadjah! toeh geuning katawis boentoetna ti toekang ti hareup."

Saoer djoeraganana: „Ih! eta mah lain boentoet, toelale ngaranna."

Ngawalon deui si Djamiin: „Aeh soemoehoen; paingan roepina sapĕrtos toelale."

Saoer djoeraganana: „Na iraha silaing njaho gadjah? make njĕboetkeun: „Paingan sapĕrtos gadjah, paingan sapĕrtos toelale?"

Walon si Djamiin: „Kapoengkoer, dina impian."

32. Anoe doesoen.

Si Korod djalma doesoen; hidji mangsa datang ka halteu Anĕgeng, maksoedna rek toempak kareta api ka Boerâhol. Barang datang ngomong ka toean sep, omongna: „Tabe oean! oeing rek meuli kartjis."

Toean: „Rek ka mana?"

Si Korod: „Rek meuli kartjis, tjek oeing ge!"

Toean ngamběk, toeloej njĕntak bari morongos, saoerna: „Heueuh, tapi rek njaba ka mana?"

Si Korod ngamběk, pedah disĕntak, omongna: „Njaba ka mana bae, nadjan ka Mĕkah ge matak naon!"

Toean: „Na sia teh gelo, make ngadjawab kitoe?"

Si Korod: „Na Toean teh djĕlĕma atawa lain, make teu ngarti kana omongan oeing?"

Si Korod poendoeng, toeloej indit bari ngoetroek, omongna: „Toean satĕngah boeah leuntja, make teu mere kartjis; kadjeun aing mah rek toempak dina gorobag bae, hajoh!"

33. Noe gede ambek.

Aja hidji djalma, teuing koe gĕde amběk, ngaranna si Lapidin. Dina hidji poë manehna ngored di kĕbonna, di sisi djalan. Kira-kira tĕngah poë, manehna eureun, ngioehan handapeun kai bari oedoed sarta ngalamoen; ari koredna disĕlapkeun kana saboekna. Keur meudjeuhna manehna antĕb ngalamoen, lar aja noe ngaliwat njorang ka noe beunang ngored tea.

Sanggeus reureuh tjapena, si Lapidin tjĕngkat, rek madjoe deui kana gawe; manehna loeak-lieuk, koetatang-koteteng neangan kored, tapi teu katimoe, poho neundeun, tina tadi bangĕt teuing ngalamoen. Lila-lila manehna ras ingĕt, tadi keur eureun aja noe ngaliwat, pikir si Lapidin: „Wah! teu salah deui kored aing teh tangtoe dibangsat koe noe ngaliwat tadi."

Ti dinja si Lapidin toeloej loempat satakĕr tanaga bari gĕgĕroan, pokna: „Euj! euj! eureun heula!"

Noe ngaliwat gantjang eureun.

Sanggeus adoe-hareupan, si Lapidin bolbol ngamběk bae; toe-

loej singkil, tandjak-toendjoek bari moendoer-madjoe, djeung to toker kawas andjing handapeun waroe, leungeunna měta mani pakoepis, datang ka gagang koredna kasigeung, omongna: „Kari-kari sia liwat, kored aing tah geuning!"

Tjek noe ngaliwat barina seuri: „Naon ieu teh bakoena, bi-kin riboet, tjapgome?"

Djawabna: „Boekan, ... petjoen."

34. Menak.

Bedjana djaman baheula mah tjěnah, noe djadi pangkat teh teu tjara ajeuna, raradjin sarta palintěr; baheula mah něpikeun ka aja tjamat anoe teu iasaeun maos soerat, soemawonna noe-lisna mah.

Hidji mangsa, keur waktoe Djoeragan Tjamat moro bagong ka goenoeng, hojong ngoeninga ka Djoeragan Wadana, jen an-djeunna keur moro, tapi bingoeng, lantaran teu iasa njěrat, ari rek mogogkeun sieun disangka koe abdi-abdina jen teu iasa njě-rat; ti dinja mah ngan njandak bae kěrtas djeung patlot, toeloej ditjoerat-tjoretkeun tjara noe heueuh, sarta miwarang dianteur-keun koe oepas.

Barang katampi koe Djoeragan Wadana, toeloej diboeka sarta diaos, wět teu beunang dibatja, da teu poegoeh.

Djoeragan Wadana mariksa ka oepas, saoerna: „Koemaha badaratna?"

Walon oepas: „Teu nganggo badarat."

Djoeragan Wadana ewědeun. Isoekna Djoeragan Tjamat teh disaoer, rek mariksakeun oenina soerat anoe sakitoe teu poe-goehna, saoerna: „Ěnja euj kamari geus njoeratan?"

Djoeragan Tjamat: „Soemoehoen dawoeh."

\+ „Koemaha oenina, akang mah bět teu ngarti."

— „Sageuj, tjobi koe abdi bade dibatja. Ih geuning sakieu těrangna, ieu teh kieu oenina," tapi matjana dipaparah bae: „Abdi ajeuna keur aja di leuweung, moro bagong, gamparan diantos linggih, toeang."

\+ „Ěnja da koe akang mah teu beunang dibatja, aksarana teu poegoeh."

— „Soemoehoen dawoeh, teu poegoeh."

35. Dongeng boedak.

Tjek nini Sĕmplo ka intjoena: „Sawĕd! Sawĕd ngadongeng-ngadongeng ka dinja euj!"

Djawab intjoena: „Heug nini, dengekeun atoeh: Dina hidji djaman baheula, aja toean taeun tjĕnah nini, ari taeun tjĕnah toean teh toeeun. Barang taeun laboeh, paeh bae."

Tjek ninina: „Tĕroeskeun atoeh!"

Omong si Sawĕd: „Apan geus paeh toeeunna ge."

Tjarek ninina: „Palĕbah mana piseurieunana, Djang?"

Omong si Sawĕd: „Palĕbah eta, geuning tjeuk koering: „Ari taeun tjĕnah toean teh toeeun."

Omong ninina: „Nini mah atoeh rek ajeuna bae seurina, da tadi mah teu hajang."

Tjek si Sawĕd: „Pek atoeh geura seuri, ambeh dipangdongengkeun deui!"

Toeloej ninina seuri: „Heuheuj hideuh!"

„Bel! bel! goedabel lenong."

„tarang sia gĕde nongnong."

„ngabĕlĕnong kawas kĕnong."

„takol koe aing; kĕlĕnong!"

Si Sawĕd nangis: „Waw! waw! ĕma ieu nongnong dikĕlĕnong!"

36. Doea bangsat.

Aja doea bangsat, noe saoerang lolong djeung saliwang, noe saoerang deui walagri.

Dina hidji peuting, tjek noe walagri ka noe lolong: „Euj, euj! oerang maling hajam Ki Djaen, joe!"

Djawabna: „Hajoe!"

Toeloej eta doea bangsat arindit. Barang datang toeloej arasoep kana parandje.

Tjek noe walagri: „Geura top!"

Djawab noe lolong: „Matjok?"

\+ „Geura prak!"

— „Anoe toelak?"

Anoe walagri teh ambĕkeun, da omonganana disalahkeun bae, toeloej disampeurkeun, pĕlĕtoek bae toengtoeng iroeng si lolong teh disintreuk.

Barang pĕlĕtoek, noe lolong teh ngarandjoeg bari ngomong: „Matjok! matjok! hadena bae teu kana mata."

Koe sabab eta doea djalma tjektjok bae, atoeh noe bogana hoedang, toeloej kaloear bari gĕgĕroan: „Bangsat! bangsat!"

Noe lolong teh toeloej oeoetjingan, tapi bawaning kasima, bĕt pokna teh: „oetjing! oetjing!"

Tjek noe boga imah: „Moal ĕnja sora oetjing kitoe?"

Tembal noe lolong: „Oetjing pireu."

\+ „Moal ĕnja aja oetjing pireu disada?"

— „Pireuna sok ti beurang bae."

\+ „Geuning sia eta djĕlĕma."

— „Djĕlĕma, djĕlĕmana mah, tapi djĕlĕma ge djĕlĕma teu mataan."

37. Njaritakeun moro.

Aja hidji boedak toekang bohong, ngaranna si Bendjol.

Dina hidji poë dibawa moro maoeng koe bapana, tapi teu beubeunangan.

Dĕmi isoekna ditanja koe batoerna, pokna: „Djol! meunang kamari moro teh, euj?"

Djawabna: „Atoeh poegoeh, maoengna ge mani sagĕde alaihim."

Tjek batoerna: „Dikoemahakeun beunangna? tjik tjaritakeun, euj!"

Omong si Bendjol: „Kieu euj, geura dengekeun! Barang oerang djeung bapa datang ka leuweung, oedjoeg-oedjoeg djol bae maoeng noe sagĕde alaihim tea, oerang gantjang singkil, djoeroes doea djari; ari bapa mah tadi oge barang mimiti nendjo, geus ngatjir. Sanggeus maoengna deukeut, bol gabroeg bae ngarontok ka dewek: koe dewek kontan disangsoet bari diteke hoeloena saeutik. Barang gabroeg ngarontok deui, dipapag koe sisig, tjol bae matana ditjotjol, atoeh maoeng teh pada harita peureum, da peuriheun. Barang sĕbroet deui ngarontok katiloe kalina, ditewak tjaheumna, didĕnghakkeun kana toeoer, toeloej

diwĕwĕlan asĕm nĕpi ka samoetoet; atoeh maoeng teh mani njĕngir, da paoereun. Dewek gantjang njokot kikir, toeloej digoesaran nĕpi ka pĕpĕd hoentoena."

Omong batoerna: „Ari geus kitoe dikoemahakeun eta maoeng teh?"

Tjek si Bendjol: „Sanggeus kitoe, boentoetna koe oerang ditalikeun kana kihiang, ti dinja dewek njokot djoeblĕg, toeloej dipeupeuh hoeloe maoeng teh. Tajohna koe bawaning njĕri, toeloej maksa loempat, ari boentoet dipageuhan, atoeh bolonjon bae koelitna ngaleled, tjoplok tina awakna.

38. Boeboej tjaoe.

Aja hidji djalma, ngaranna si Asmoeril, teuing koe malarat, ari kabogana ngan oetjing sahidji, katjida pisan dipikanjaahna.

Dina hidji poë, manehna dihiras ngala tjaoe lampeneng koe tatanggana, diboeroehan goela sagandoe djeung tjaoe boetitina sahidji. Si Asmoeril teu kira-kira atohna, toeloej manehna gagantjangan balik, sarta tjaoe teh tĕroes diboeboej.

Sanggeus kira-kira asak, boeboej tjaoe teh dikorehkeun, na ari gorehel teh bĕt djadi doea. Si Asmoeril lain di kieuna boengahna, toeloej tjĕngkat, ngadjoged bari ngomong, pokna: „Ĕh Goesti Allah sipat moerah, boeboej tjaoe hidji djadi doea."

Boeboej tjaoe gantjang ditjokot doeanana, dihakan djeung goela, sĕmoe ngeunaheun pisan. Dĕmi tjaoe noe hidji deui, barang am dihakan, bĕt ngĕproel djeung sari haseum, ana ditĕgĕs-tĕgĕs, manahoreng boeah koetjing.

Si Asmoeril oetah-oetahan babalongkengan, bari ngomong: „Adol! Goesti Allah sipat djail, boeah koetjing make diroepakeun tjaoe!"

Koe bawaning ambĕk, harita keneh oetjing noe dipikanjaah teh diteunggeulan, da bongan ĕndogan di hawoe.

39. Mitoha djeung minantoe.

Hadji Berod boga minantoe hidji, ngaranna si Rabain; dina waktoe dadaharan parĕboet angeun toetoet, nĕpi ka pareheng.

Barang dina hidji waktoe, Hadji Berod teh gĕgĕroan ka pamadjikanana, pokna: „Pamadjikan! deungeun ngopi teh bawa ka dieu, dewek rek ngopi bari sidoeroe!"

Koe pamadjikanana toeloej disodorkeun, seupan sampeu djeung koeloeb hoei. Ti dinja Hadji Berod toeloej ngopi sorangan bae tjĕtjĕlĕbĕkan. Minantoena aja gigireunana, tapi teu diadjakan, anggoer ditoekangan.

Koe sabab Ki Hadji sidoeroena deukeut teuing kana hawoe, saboekna kadoeroek, geus beak sapotong. Kanjahoan koe si Rabain, manehna ngomong di djĕro hatena: „Koemaha ieu teh, ari koe aing dibedjakeun ka mitoha jen saboekna kadoeroek, sangeuk, da poegoeh keur pareheng, ari teu dibedjakeun karoenja, da goreng-goreng ge mitoha."

Geus kitoe toeloej koe si Rabain disalenggorkeun, pokna bari ngagĕro: „Boentoet si Bĕlang kabeuleum!"

Hadji Berod malik; barang kanjahoan jen saboekna ka beuleum, toeloej ngadjengkat bari ngomong: „Lamoen euweuh bĕdoel ngagoeik, lapoer."

40. Kasalahan goeroe.

Aja toedjoeh djalma, datang ka hidji kiai, maksoedna rek diadjar salat.

Barang datang, tjek Kiai: „Aja naon Djang datang ngabroel-ngabroel?"

Djawab noe saoerang: „Manawi ditampi, bade diadjar salat."

Omong Kiai: „Soekoer atoeh, ari aja ingĕtan hade mah; toeroetkeun bae ĕngke ari salat lohor!"

Sanggeus nĕpi ka waktoena, kiai toeloej nangtoeng di tadjoeg, rek salat lohor tea, ari noe toedjoehan narangtoeng satoekangeunana, ngantaj kawas noe oraj-orajan.

Omong Kiai: „Toeroetkeun bae satingkah-polah noe ti hareup, keun bae rarakatanana mah ĕngke deui."

Djawab noe toedjoehan: „Mangga."

Ti dinja Kiai teh toeloej ngamimitian salat.

Barang dina waktoe roekoe, santri kahidji toengkoel teuing, datang ka sirahna njoengkoer boedjoer Kiai; atoeh Kiai teh rek

tikoesroek. Kiai amběk, toeloej sirah santri teh ditedjeh bari roekoe.

Ari samaroekna santri kahidji, atoeran salat teh koedoe kitoe, make nedjeh sirah, da ongkoh tadi omong Kiai koedoe noeroetkeun satingkah-polah noe ti hareup, atoeh manehna ge noeroetan, toeloej nedjeh sirah santri kadoea, tĕroes tatalepa nĕpi ka noe katoedjoeh.

Anoe katoedjoeh anoe pangripoehna, barang djĕkok teh ditedjeh mani nambroe kawas noe beunang nilĕpan bae, atoeh manehna teu kira-kira amběkna, toeloej loempat ka hareup bari ngomong: „Awas! awas!"

Teu tempo deui, kopeah Kiai teh bolbol didoedoet bae, kabĕněran sirahna lenang mani herang, da ĕntas ditjoekoer. Barang kopeah tjoeplak, bol pĕlĕtoek bae sirah Kiai teh diteke, diĕmbat satakĕr tanaga.

Kiai teh mani njĕngir kawas domba ngasin, bawaning koe njĕri, bari sirahna dioesap-oesap.

Omong santri katoedjoeh bari meureup: „Ada loe rasanja? Maoe bangsanja?"

Barang kanjahoan koe batoer-batoerna jen santri noe katoedjoeh neke imam, maroekanana kitoe sahna salat teh; atoeh batoerna njalampeurkeun, trok-trak nekean sirah Kiai nĕpi ka ĕmoj, tĕroes paeh harita keneh.

Tjek noe panggĕdena: „Alhamdoelillah, Kiai paeh! balikanan hiroep, koeriak hoeloe oerang bae ĕngke baroetak balas salat.

41. Saha noe salah?

Djoeragan Wekling ngadjar ngitoeng talaran di kĕlas I. Saoerna ka hidji moerid anoe oemoerna kira-kira 7 taoen: „Debleng! lamoen maneh boga doeit 11 perak, toeloej dibeulikeun kana sorban 5 perak, sabaraha deui sesana?"

Walon si Debleng bari ngagisik iroeng koe leungeun badjoe: „Kantoen 11 perak keneh."

+ „Moal ĕnja siah! doeit 11 perak dipake meuli sorban 5 perak kari 11 perak keneh bae!"

— „Soemoehoen 11 perak keneh, da artos abdi mah moal dipake meulian sorban, mĕnding dipake meuli domba."

+ „Soegan keur bapa!"

— „Keur bapa moal, da bapa abdi mah djĕlĕma, sanes hadji."

+ „Si siah! abong boedak, hadji teh djĕlĕma keneh. Hajoh tĕroeskeun ngitoeng teh, sabaraha deui sesana?"

— „Soemoehoen 11 perak keneh, da abdi mah moal mang-meulikeun sorban ka hadji, keun bae sina meulian koe sorangan, toeman!"

+ „Heueuh, da ieu mah lamoen!"

— „Lamoen ge doeka ari lamoen kitoe mah, da moal kadja-dian. Tjobi ajeuna etang koe djoeragan: 3 tandoek andjing sarĕng 4 tandoek andjing, sabaraha djoemlahna?"

+ „7 tandoek andjing, deuleu!"

— „Sanes, ... 7 tandoek bohong, da andjing mah tara tandoekan, hajoh!"

+ „Mata siah!"

Si Debleng malengos ka batoerna barina ngomong lalaoenan: „Ej gila!"

42. Rek leungiteun kored.

Baheula tjĕnah, aja nini-nini boga kĕbon di sisi djalan.

Hidji mangsa, eta nini-nini teh bolbol dĕngek bae tjeurik go-goakan bari goegoelingan. Barang keur kitoe, djol datang in-tjoena, njampeurkeun bari njĕntak, pokna: „Nini! nanaonan kolot-kolot mewek, na teu era koe peot?"

Djawabna: „Bongan kored aing leungit."

Tjek intjoena: „Atoeh montong leweh sakitoe-kitoe bae mah! koemaha raraosan teh, poetra boengsoe? Lamoen arek ge kami kikitoean, meureun aja loetjoena meueusan mah! Djeung iraha leungitna, nini?"

Djawabna nini-nini teh: „Pageto."

Tembal intjoena: „Keur naon atoeh leweh ti ajeuna, kawas anoe boeroeng!"

Djawab ninina: „Timpah, meungpeung rineh."

Tembal intjoena bari indit sarta seuri: „Noeroestoendjoeng, nini-nini tajoh kapatoetna, keur babangoenan siga panjeupahan lalaj teh make ngariboetkeun doenja."

43. Pinter boedak.

Bapa Arsaen boga hidji anak lalaki, oemoerna kira-kira lima taoen. Hidji mangsa bapana ngomong: „Saen, Saen! ajeuna mah oelah sok mondok djeung ĕma, da geus gĕde, pamali!"

Tembal anakna: „Wah bohong! geuning bapa ge sok mondok keneh djeung ĕma! Hĕndeh, bisa bae, da bapa mah hawĕk, hajang ngeunah sorangan bae."

Djawab bapana bari seuri balaham-belehem: „Heh, si Goedabel bisa ngomong."

44. Noe njadap.

Bapa Oang waktoe njadap, sarangka bĕdogna ragrag mapaj sigaj, disada sarangka teh: „Trak-trek-trok, trak-trek-trok goprak."

„Edon! mani kawas kĕtjrek najoeban bae," tjek Pa Oang. Koe tina rĕsĕpna, toeloej bĕdogna diragragkeun; disada deui bĕdog teh: „Trang-treng-trong, trang-treng-trong, gĕboet."

„Hobat! ieu mah sada pelog bae," tjek Pa Oang.

Geus kitoe toeloej lodongna diragragkeun; disada deui lodong teh: „Trang-tring-troeng, trang-tring-troeng, gĕndroeng."

Bawaning koe rĕsĕp, Pa Oang mani ngagoak, pokna: „Masja Allah! ieu mah badis sora piano, lah! aja loetjoe; beuki lila teh bĕt beuki model bae, mani asa di sawarga."

Sanggeus kitoe manehna ngomong sorangan: „Tjik ajeuna kari aing ngaragragkeun maneh, meureun rĕsĕp ngoleang bari ditabeuhan." Barang koleang teh ninggang deui kana sigaj: „'A-'i-'oe, 'a-'i-'oe, hĕ!" . . . . . soemoehoen, kodjor.

45. Kalde.

Aja noe noengtoen kalde, kakara beunang meuli ti pasar, ditalian koe tambang pandjang pisan, ngaliwat pagoenoengan. Pandeurieun noe noengtoen kalde tea aja doea djalma, geus lila noetoerkeunana, maksoedna hajang maling eta kalde koe djalan anoe beres. Barang geus manggih akal, toeloej tambangna eta kalde teh dipotong; noe saoerang gantjang mawa loempat kalde tea, ari noe saoerang deui nalian maneh beuheungna koe tambang popotonganana, nja eta ngaganti kalde noe dibawa loempat tea.

Barang kira-kira geus teu katendjo kalde noe dibawa koe batoerna, manehna eureun; ditarik-tarik teh ngahoentĕd bae. Ti dinja noe boga kalde teh malik, ari diilikan noe ditoengtoen teh bĕt djĕlĕma; manehna kageteun sarta ngomong: „Naon ieu teh bakoena? tadi-tadi kalde, ajeuna bĕt djadi djĕlĕma!"

Djawab noe nalian maneh: „Ĕh, Djoeragan, nja koering kalde teh, kieu awitna: Koering teh boga indoeng gawena sok njarekan bae, tina koering bosĕn diamběk, toeloej indoeng teh ditampiling, datang ka njengsol gadona. Harita keneh koering disapa, boektina nja djadi kalde; toeloej aja noe ngadjoeal di pasar, nja digaleuh koe Djoeragan. Ajeuna koering parantos dihampoera koe indoeng, nja djadi djĕlĕma deui. Koe margi eta, koering njoehoenkeun pangapoentĕn bae, moegi diwidian wangsoel, hajang papĕndak sarĕng ĕma."

Djawab noe boga kalde: „Nja hade atoeh, ari kitoe asal mah."

Djĕlĕma noe nipoe teh toeloej indit njoesoel batoerna bari seuseurian.

Noe boga kalde teh, sanggeus kaldena lapoer, toeloej indit deui ka pasar, rek meuli deui kalde.

Barang datang ka pasar, kalde anoe lapoer teh bĕt aja deui; koe manehna toeloej disampeurkeun, pok ngomong bari ditompokeun kana tjeuli kalde tea, omongna: „Si noeroestoendjoeng sia, geus doraka deui bae, tajoh ka goreng patoetna; aing sangeuk meuli deui sia."

Kalde teh disada: „Oë! oë!"

Omong noe katipoe: „Montong oea oë sia, bisi direndos!"

46. Oebar toembila.

Bapa Onjon idĕr-idĕran dagang oebar toembila, teu kira-kira pajoena.

Katjaritakeun aja hidji nini-nini, tatjan njahoëun mĕtakeunana, toeloej manehna nanjakeun, pokna: „Koemaha mĕtakeunana ieu oebar teh?"

Djawab Pa Onjon: „Mimitina oerang koedoe ngala heula toembila, sanggeus meunang, toeloej poeroeloekan koe ieu oebar, geura moal satĕngah djam oge paraeh."

Tjek nini-nini teh: „Naha asa rea teuing gawe, atoeh ari geus beunang mah pĕntjet bae, meureun paeh."

Djawab Pa Onjon: „His ari nini! eta mah rek dipĕntjet hade, rek dipoeroeloekan hade; ieu mah noe matak aja oebar kieu soteh, eta bae tamba teu mĕntjet."

Djawab nini-nini bari ngaleos: „His! teu foegoeh eta."

47. Peutjang.

Aja peutjang keur njatoean di tĕgal; teu lila nendjo badak njampeurkeun. Peutjang katjida sieuneunana, toeloej manehna moeroengkoet bari ngadegdeg.

Barang geus deukeut, badak nanja: „Koe naon euj, kawas noe gĕring?"

Djawab peutjang: „Na silaing teu njaho, apan peuting dewek dibedjaan koe abah Kir-Wanakir, jen poë ieu langit rek roegroeg, kabeh sasatoan lian ti dewek mah bakal paeh."

Omong badak: „Wah na ĕnja? tjik atoeh dewek toeloengan!"

Djawab peutjang: „Hade, pek geura loentjat toeh kana lombang, soepaja hĕnteu kadĕmpet langit."

Sanggeus badak aja dina djĕro lombang, djol datang maoeng koeroe njampeurkeun peutjang, bari ngomong: „Hag, sia! ditjĕbok koe aing, loemajan leutik-leutik ge da pĕlĕm."

Omong peutjang: „His, si bodo, montong ngahakan aing,

teu matak seubeuh, toch aja badak dina lombang beunang nampiling dewek bieu, pek geura hakan!"

Badak koe maoeng gantjang ditĕkoek, toeloej dihakan nĕpi ka beak. Sanggeus ngahakan badak, maoeng njampeurkeun deui ka peutjang.

Peutjang katjida sieuneunana, toeloej manehna ngala kĕmbang tĕpoes anoe bareureum, didjĕdjĕlkeun kana boedjoerna.

Barang maoeng geus deukeut pisan, peutjang gantjang nonggeng, dibĕnĕrkeun kana maoeng tea, bari ngomong gĕgĕroan: „Njingkir! njingkir! kabĕdasan dewek rek bidjil!"

Maoeng nembal bari oendoer-oendoeran: „Na matak naon?"

Djawab peutjang: „Teu matak naon-naon, ngan lamoen silaing ngadeukeutan, ĕngke meureun silaing didoepak koe kabĕdasan dewek, tjara badak tadi, sarta bakal ragrag di Madinah. Tjoba tendjo, kabĕdasan dewek keur ngambĕk, tah geuning mani beureum!"

Bawaning koe sieun, sarta bawaning koe tarik ngawahanana loempat, ana galapak teh maoeng teh hibĕr.

48. Noe njaritakeun andjing.

Djaman koena, aja doea toekang moro, noe saoerang ngaranna Dora, noe saoerang deui Arba: doeanana pada baroga andjing. Hidji poë, Arba ngandjang ka Dora, maksoedna rek ngawangkong bab andjing.

Tjek Arba: „Dewek boga andjing gĕde teh, eta bae lamoen diparaban sangoe sadoelang, samemeh kop dihakan geus beak manten."

Tjek Dora: „Beu, edas! aneh pisan eta mah."

Omong Arba: „Djeung eta euj, loempatna oge salengkahna teh lima lengkah-lima lengkah."

Tjek Dora: „Edas, loetjoe eta mah. Rĕsĕp tĕmĕn dipakena moro!"

„Atoeh poegoeh!" tjek Arba.

Tjek Dora: „Lamoen ĕnja ilaing boga andjing kitoe, oerang

toekeuran bae koe noe dewek, da dewek ge boga andjing aneh !"

Omong Arba : „Na koemaha ari andjing silaing ?"

Djawab Dora : „Andjing dewek mah leutik teh, eta bae kamari mĕntas diparaban kedjo saremeh, tjagtjrag-tjigtjrig, tjagtjrag-tjigtjrig ka pipir imah, teu kanjahoan deui bolbol gĕwĕwĕk bae disantok tongo ; ana datang deui njampeurkeun dewek geus euweuh hoeloean, ngan boentoetna bae koepat-kepot bari gagaikan."

„Noe gelo !" tjek Arba bari indit.

„Bongan ditepaan koe silaing !" tembal Dora bari malik.

49. Boedak tjarekeun.

Kakara ge mĕlĕtek srangenge, si Tjajoet geus tjeurik gogoakan, lantaran hajangeun namboel boeboej bĕloet bari sidoeroe.

Wantji haneut mojan, goak deui tjeurik, lantaran hajangeun dadaharan bari mojan.

Wantji pĕtjat-sawĕd, goak deui tjeurik, lantaran hajangeun roronggengan bari ditabeuhan koe indoengna.

Barang kira poekoel 10, noeroestoendjoeng, geus goak deui bae, mani antĕp-antĕpan kawas noe ditĕkoek sasalad bae.

Koe indoengna disĕntak bari ditjarekan : „Koe naon deui sia teh ?"

Djawabna : „Hajang dahar."

+ „Apan tadi ĕnggeus, mani beak sapiring mĕtoeng ! Noeroestoendjoeng, kawas noe tatjan bae !"

— „Atjan 2 kali."

+ „Top tah, lĕbok djeung boboko kedjona !"

Wantji tĕngah poë ereng-erengan, nja pohara si Tjajoet mah, geus dĕngek deui bae.

Disĕntak deui koe indoengna : „Tobat aing mah ! andjing siah ! taja deui gadag, leweh bae leweh !"

Tembal si Tjajoet : „Naon ĕma mah, teu-teu-ning."

+ „Geuning sia bieu dĕdĕngekan !"

— „Eta mah lain tjeurik ĕnjaan. . . . . tjeutjeurikan!"

+ „Nanaonan sia teh make tjeutjeurikan, da teu aneh leweh teh!"

— „Keur ngapalkeun, bisi poho deui."

+ „Montong siah! montong diapalkeun leweh mah! Koe leweh ĕnjaan oge aing teh geus bosĕn! Ngariboetkeun bae siah! Ditotog koe haloe geura ĕngke sia koe aing!"

— „Waw! waw! sieun ditotog koe haloe!"

+ „Ampoen Goesti! si lĕbokeun djoerig teh siah, ditjaram-tjaram leweh, bĕt kalah ka leweh ĕnjaan!"

50. Doea boedjangga.

Djaman koena pisan, aja boedjangga sosobatan, noe saoerang petjak, noe saoerang deui walagri.

Dina hidji poë, anoe tjageur teh njoeratan ka noe petjak, dina djĕro soeratna ngan aja aksara „sin" bae. Barang boedjangga petjak nendjo eta aksara, toeloej koe manehna dipikiran: „Ari „sin" tea, „sintoeng": ari sintoeng teh „kalokop majang kalapa" Weu! ieu hajangeun kalapa sobat aing teh."

Ti dinja toeloej boedjangga petjak ngirim kalapa sahoeloe dibarĕngan koe soerat, tapi di djĕro eta soerat bolongor bae, teu aja aksaraan saeutik-eutik atjan.

Barang boedjangga walagri nendjo eta soerat, toeloej dipikiran: „Ieu soerat euweuh aksaraan, djadi teu pĕrloe diampihan, hade soëhkeun bae."

Ti dinja toeloej disoëhkeun, tapi barang disoëhkeun, kĕrtas teh disada: „wek."

Tjek boedjangga walagri teh dina djĕro hatena: „Ari noe „wekwekan" teh mĕri, wah! teu salah deui tangtoe ieu sobat aing teh menta mĕri."

Isoekna boedjangga walagri teh toeloej ngirim mĕri, dibarĕngan koe soerat; aksara dina djĕro eta soerat oenina „mĕn."

Sanggeus boedjangga petjak narima mĕri, toeloej matja soe-

rat, oenina „měn", koe manehna dipikiran deui: „Ari „měn" tea, „měndoeng"; ari měndoeng tea, „rek hoedjan"; ari hoedjan teh sok „tjloek-tjlak"; ari tjlak teh deukeut kana „tjak"; dĕmi tjak pondokna tina „petjak"; ari noe petjak teh aing."

Atoeh boedjangga petjak teh bolbol ngamběk bae bari ngomong: „Njana-njana rek ngaheureujan mah ka aing, moal ĕnja sia dibere kalapa; lain nganoehoenkeun, anggoer mojok; noeroestoendjoeng sia!"

Loetjoe ngambĕkna eta boedjangga, asana mah make toeloej ngadjĕdjĕwet bĕndo tjitak.

EUSINA.

		Katja
1.	Boedak gĕdjoel. . .	7
2.	Kasamaran	7
3.	Noe lain-lain . . .	8
4.	Boedak tjegekan . .	9
5.	Si Kardoen. . . .	10
6.	Wadana baheula. .	10
7.	Diadjar njieun boboko	11
8.	Arit	11
9.	Daoen mareme . .	12
10.	Ngalamoen. . . .	13
11.	Doea boedak . . .	14
12.	Wadana pangsioen .	14
13.	Noe maling mĕri. .	15
14.	Tĕtĕgoehan. . . .	15
15.	Kawin	16
16.	Teu kabilang . .	16
17.	Koeja.	17
18.	Djaksa djeung bangsat.	17
19.	Poepoendakan. . .	18
20.	Noe koret djeung noe tjareraman . .	19
21.	Salat , ...	20
22.	Noe dagang moentjang	20
23.	Salah mangarti . .	21
24.	Tamba taja gawe .	21
25.	Toean	22
26.	Toekang biola djeung batoerna.	23
27.	Rek meuli kartjis.	23
28.	Oebar moeriang . .	24
29.	Pantoen	24
30.	Toekang gĕntong .	25
31.	Tamba era. . . .	26
32.	Anoe doesoen. . .	27
33.	Noe gĕde ambĕk.	27
34.	Menak	28
35.	Dongeng boedak. .	29
36.	Doea bangsat . . .	29
37.	Njaritakeun moro .	30
38.	Boeboej tjaoe . . .	31
39.	Mitoha djeung minantoe	31
40.	Kasalahan goeroe .	32
41.	Saha noe salah? . .	33
42.	Rek leungiteun kored	34
43.	Pintĕr boedak. . .	35
44.	Noe njadap . . .	36
45.	Kalde.	36
46.	Oebar toembila . .	37
47.	Peutjang.	37
48.	Noe njaritakeun andjing	38
49.	Boedak tjarekeun. .	39
50.	Doea boedjangga .	40